## Chitsauko 8

### *Wana mhinduro yokupedzisira !*

*"Ndichadana kuna Mwari nezwi rangu;*

*Kunaiye Mwari nezwi rangu,*

*Ucharereka nzeve yake kwandiri.*

*Pazuva rokutambudzika kwangu ndakatsvaka Ishe;*

*Ruvoko rwangu rwakanga rwakatambanudzwa*

*usiku, ndisingaregi;*

*Mweya wangu wakaramba kunyaradzwa.*

*Ndinorangarira Mwari, ndokushaiwa mufaro;*

*Ndinofungisisa, mweya wangu ndokuziya."*

( **Mapisarema 77: 1- 3** )

Mukurarama kwaunoita munguva yokuomerwa, unombozvibvunza mubvunzo isina mhinduro; sei zvakadai zvichiita kwandiri ? Unozvienzanisa navanhu kana nezvaunomboona zvichiitika muhupenyu hwemhuka, somuenzaniso; sei mhuka dzisina matambudziko asi dzinorarama musango , pasina anodzichengeta ?

Pamibvunzo yose yatinozvibvunza kazhinji hatiwane mhinduro kana kuwana munhu anogona kutipindura. Dzimwe dzenguva unofunga kuti, zvichida Mwari andikanganwa. Makore akapfuura muimbi weMapisarema akaimba paifamba munguva yokuomerwa achiti:

> " *Pazuva rokutambudzika kwangu ndakatsvaka Ishe;*
> *Ruvoko rwangu rwakanga rwatambanudzwa*
> *vusiku,ndisingaregi;*
> *mweya wangu wakaramba kunyaradzwa*

*Ndinorangarira Mwari; ndokushaiwa mufaro;*
*Ndinofungisisa , mweya wangu ndokuziya.*
*Hamutenderi meso angu kutsinzina;*
*Ndinotambudzika, Handigoni kutàura*
*Ndakarangarira mazuva akare; makore*
*enguva dzakare-kare."*
**(Mapisarema 77:2-5)**

Panemitsara mishoma yawaverenga yandinoda kuti ndidzokeredze,"*Ndaiva mumatambudziko mweya wangu ukakutsvakai* . " Zvinoshamisa ndezvekuti, sei uchitsvaga Mwari kana wasvika pakuomerwa ? Sei usingagone kutsvaka Mwari paunenge usina dambudziko ? " *Tsvakai Jehova achawanikwa , danai kwaari achiri pedyo* ."( **Isaya 55: 6** )

Mamwe mashoko anobva pane zvawaverenga anoti, " *Mweya wangu wakaita seronda risingarapik*e " Kana urimukuomerwa, zvinoita sezvinonzi zvose hazvigoneke, wofunga kuti wakafuratirwa . Sezvinoita vamwe varwere vanoramba kudya zvinovapa hutano. Spurgeon akati : " Vanasikana vazhinji vakafuratira mufaro, navanakomana vazhinji vakazvisunga nengetani dzekutambura "

Ungangodai uri panzvimbo yerima guru , kana kuti moyo wako uchitambudzika, zvokuti unofunga kuti kunyangwe Mwari haanga - kunyaradze, asi ramba uine tariro. Imwe ndima kubva mukuverenga kwawamboita muna Mapisarema inoti, " *Handingagoni kutaura zvirikundinetsa* . " Wakamborarama kana kupinda muchiitiko chakadai here , chokuti unorwadziwa, asi wotodza kana kutsanangura zvakurwadza ? Uri pakutambudzika kwakaita saikoku here panguva ino ?

Hazvisimbise here kuverenga mashoko emuna-Mapisarema , anotsanangura mafambiro akaita vamwe munguva yekuomerwa pahupenyu hwavo.? Ziva, kana uri murwendo rwemugwenga hausi wega , asi kuti varipowo vakawanda vakafamba nemo, chakavanzika pazvose kuteerera Mwari, panguva yerwendo urwu rwemugwenga.

Dzimwe nguva unombopererwa, wotarira kose kose, asi unoona pasina chingakubatsira, muhupenyu hwako. " *Vimba naJehova nomoyo wako wose, urege kusendama munjere dzako. Umutende panzira dzako dzose, Agoruramisa makwara ako ose*" ( **Zvirevo 3:5)**

**Nhai Mwari mandisiirei?**

Munguva yokurarama ari mugwenga Asaph akadanidzira nezwi guru, akadurura mibvunzo yakawanda, seinongobvunzwawo navazhinji kana vari munguva yokuomerwa .

*"Ko Ishe ungarasha nokusingaperi ?*

*Haachazonzwiri ngoni here?*

*Ko tsitsi dzake dzakaenda chose nokusingaperi ?*

*Chipikirwa chake chakakona nokusingaperi here?*

*Ko Mwari wakanganwa kuva nenyasha ?*

*Wapfigira tsitsi dzake nyoro pakutsamwa Kwake here ?*

**(Mapisarema 77:7** )

Wakambotaura naMwari here urimunguva yokuomerwa ? Uchida kumupa mukana wekuti ataure newe zvaanoda kuti uite, asi ukashaya mhinduro, miyedzo ikaita seyadururirwa kwauri .Panguva iyoyo unozvidemba kuti sei zvakadai zvichiitika ,ndipo paunotsvaga rubatsiro chero runobva kunaani zvake. Ipapo ndipo paunopinda mukuidzwa zvokuti Satani anofara kuti akupe mazano anokufurira , kuti urambe Mwari.

Mhinduro yaunoda inenge ichigere kuratidzwa kwauri , nokuti nguva inenge isati yakwana, yokupedza rwendo rwako rwomugwenga. Mumwe akangopinda munguva yokuomerwa , kwenguva pfupi, anenge ochema-chema zvokuda kuramba Mwari.

Rangarira kutambudzika kwa Jobo, kuti akaidzwa naSatani, nomukadzi wake, kunyangwe neshamwari dzake asi akaramba akabatirira panaMwari. Panenguva yaakapindura mukadzi wake achiti; " *Tingagamuchira zvakanaka bedzi paruoko rwaMwari, tikasagamuchira zvakaipawo here?"* **(Jobo 2:10b )**

Nesuwo tinombobvunza Mwari mibvunzo yakawanda-wanda .Tinofanirwa kugadzirira kukunda muidzo kuburikidza nokugara pamunyengetero. Zvichida hauzive kuti Mwari ndi Jehova akadzikama, anonzwa minyengetero yako, kunyangwe uchiona seyanonoka kupindurwa. Mukugunun'una kwaungaita unogona kuzonzwa izwi richiti, " *ndiwo matauriro ako here ?".*

Augustus Tholuck akati:

"*Hakuna nguva muhupenyu hwomutendi paangatadze kuziva nzira dzaMwari. Mutendi angarasika pakukumbira kwake mukunamata, asi Mwari anozviratidza chete.* "

Tingagamuchira sei zvokudenga kana denga racho richiita serakapfigwa ?

Mumwe murume wakatipa mashoko evhangeri mukuimba achiti:

" *Ini ndinoshuva kubatwa naShe*

*sezvinoitwawo vamwe vangu*

*kana ndikakundikana kukubatai*

*ndinoramba ndichivimba Newe*

*ndinotenda, ndibatsirei mukusatenda kwangu*

*ndinofamba kwandisingazive, asi*

*ndichivimba ndiinerutendo serwemwana"*

James Smith, murume waibvumirana nokutaura kwa Spurgeon akati:

" Mwari akapa kuvanhu vake kunyaradzwa nokuchengetedzwa zvakaringana. Anotumira vanyaradzi vanoenderana namatambudziko ako. Asi munoramba kunzwa izwi ravatumwa . Mwari anoita seabva,

kana kusudurukira kure nehuvapo hwake, kuti tidzidze kurarama nokutenda kunyangwe tisingamuone ."

Mune mamwe magwaro anoti:

"*Nokuti kutambudzika kwedu, kwakareruka, kuripo chinguva chiduku, kunotiitira kubwinya kukuru kwakaisvo-naka nokusingaperi; tisingatariri zvinoonekwa , asi zvisingaonikwi;" nokuti zvinoonekwa zvinopfuura, asi zvisingaonekwi ndezvekusingaperi."* ( **2 Vakorinte 4:17-18**)

Matambudziko anokundwa nokunyengetera, kuti ziso remweya rione panguva yauri , kuburikidza nokutenda kwako kunaMwari.

**Mhinduro yaMwari munguva yokuomerwa komunhu**

Asaph akaratidza pachena matambudziko anowanikwa murwendo romugwenga. Akazopedzisira achitipa tariro nekudzoreredzwa achiti;

" *Ndichareva zvakaitwa na Jehova;*

*Nokuti ndicharangarira zvishamiso zvenyu zvakare.*

*Ndichafungisisa vo basa renyu rose ,*

*Nokurangarira zvamakaita.*

*Nzira yenyu, Mwari, iri pazvimbo tsvene;*

*Ndianiko mwari mukuru, wakafanana naiye Mwari ?*

*Ndimi Mwari unoita zvishamiso;*

*Makaratidza simba renyu pakati pavanhu"*

**(Mapisarema 77: 11-14 )**

Ndinorangarira apo Davidi waiva akakombwa navavengi, arambwa neshamwari dzake. Izvi zvakaitika panzvimbo yainzi Ziglag. Nguva iyoyo, zvose zvakamumukira. Asi David akava nokukunda mukuomerwa uku, nokuti akatsvaka chiso chaMwari. Zvinogona kuitika nhasi pahupenyu hwako, paunofunga kuti une shamwari dzaunovimba nadzo,asi kana zvinhu zvisina kunaka vose vanokusiya .

Bhaibheri rinoti :

*"Davidi akatambudzika zvikuru, nokuti vanhu vakanga voda kumutaka namabwe, nokuti moyo yavanhu vose yakanga ineshungu, mumwe nomumwe pamusoro pavanakomana vake navanasikana vake; asi Davidi wakatsvaka simba rake kuna Jehova Mwari wake."* **(2 Samueri 30:6 )**

Shoko rokuti kusimbiswa rinofananidzwa nokushinga, kana kuti kubata zvakasimbarara, kutsungirira, kukurudzirwa wakamirira uchibva waenderera mberi zvakanaka, nezvaunoda kuita. Davidi wakamira naJehova Mwari wake akasimudza chiso chake kuna Mwari, panguya iyi yose yokuomerwa. Akazokwanisa kumira pamberi pavavengi vake vose akatauranavo, ainesimba rokudzikinurwa, vanhu vakamunzwa. Mwari akamira naDavidi pakumukundisa vavengi vake vose. Newewo unokwanisa kukunda munguva yokuomerwa, ukavimba nokunyengeterera kuna Ishe muzvokwadi.